



**ASESMEN MADRASAH (AM)
MADRASAH IBTIDAIYAH PSM BENDO BARAT
TAHUN PELAJARAN 2023/2024**

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Jenjang	: Madrasah Ibtidaiyah
Hari/Tanggal	: Rabu, 8 Mei 2024
Waktu	: 120 Menit

PETUNJUK UMUM

1. Berdo'alah kepada Allah SWT sebelum memulai mengerjakan paket soal.
2. Isikan Identitas Anda ke dalam Lembar Jawaban dengan menggunakan pensil 2B.
3. Kerjakan terlebih dahulu soal-soal yang Anda anggap mudah.
4. Isikan jawaban soal ke dalam LJ sesuai petunjuk LJ.
5. Jumlah soal sebanyak 20 butir soal Pilihan Ganda, 10 butir soal Pilihan Ganda Kompleks, dan 10 butir soal Pilihan Betul atau Salah (B/S).
6. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya.
7. Laporkan kepada pengawas ruang apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak, atau tidak lengkap.
8. Periksalah pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas ruang.

I. Secara mandiri jawablah pertanyaan di bawah ini dengan memilih salah satu huruf A, B, C, dan D pada jawaban yang benar!

Geguritan ing ngisor iki minangka kanggo pitakonan soal no 1-3!

....

Nalikane padha prei

Para warga padha ngresiki

Dusun sing ditresnani

Kabeh metu dhewe-dhewe

Nggawa barang sing dibutuhake

Banjur gage tandang gawe

Gotong royong maju bareng

Sinambi gojek ben ora sepaneng

Diresiki ben penak dideleng

Gotong royong kudu dijaga

Tansah rukun marang tangga

Mujudake desa kerta raharja

1. Geguritan bisa kanggo medharake utawa ngandharake isine ati lan awèh piwulang, pepeling, sarta pitutur marang wong sing maca. Sawijining geguritan bakal luwih gampang olehe nggoleki amanat utawa piwulang kang ana sajroning geguritan kanthi cara diparafrasekake luwih dhisik. Irah-irahan kang cocok kanggo geguritan ing dhuwur yaiku

- A. Dusun sing Ditresnani
 - B. Rukun
 - C. Gotong Royong
 - D. Para Warga
2. Tembung kerta raharja iku ngandhut makna
- A. tatanan urip kang tentrem, makmur lahir lan batin, adil warata
 - B. subur makmur akeh bandha donya
 - C. tentrem amarga sugih
 - D. uripe seneng amarga kancane akeh
3. Parafrase geguritan tegese proses owah-owahan saka wujud geguritan didadekake wujud gancaran utawa paragraf, kanthi ancas supaya maknane/tegese geguritan luwih cetha lan gamblang. Geguritan iku bisa dirasakake kanthi maca utawa ngrungokake.
- Kang dadi tokoh utawa paraga ing geguritan kasebut yaiku
- A. kerta raharja
 - B. dusun
 - C. murid
 - D. para warga
4. Wacanen pachelathon ing ngisor iki!
- Tegar : “Tumbas, Pak,”
- Pak Tama : “Inggih, tumbas napa, Dhik Tegar?”
- Tegar : “Tigan setunggal kilo pinten, Pak?”
- Pak Tama : “Nembelas ewu, ajeng mendhet pinten kilo, Dhik?”
- Tegar : “Kalih kilo mawon, Pak.”
- Adhedhasar wacan ing dhuwur, regane tigan sekilo yaiku
- A. nem ewu
 - B. nembelas ewu
 - C. telung puluh loro ewu
 - D. nemlikur ewu
5. Wacanen crita rakyat iki!

Legendha Keong Mas

Raja Kertamata kagungan putri cacahé loro. Putrine Raja Kertamata asmane Galuh Ajeng lan Candra Kirana. Ing salah sawijining dina, raja iku arep njodhokake Candra Kirana karo Raden Inu Kertapati. Keprungu kabar iku Galuh Ajeng banjur duka jalaran dheweke uga nduweni rasa seneng marang Raden Inu. Amarga anyel, Galuh Ajeng njaluk penyihir supaya malih wujudé Candra Kirana dadi keong mas. Banjur Galuh Ajeng mbuwang keong mas iku menyang segara.

Sawise pirang-pirang dina, keong mas ora sengaja kecanthol ing salah sawijining jaring nelayan. Nelayan iku tibake tiyang estri kang wis sepuh. “Wah, apik tenan keong iki. Dakgawane mulih,” pocapé simbah iku. (lan sateruse)

Putrine Raja Kertamata sing arep dijodhokake karo Raden Inu Kertapati asmane

- A. Galuh Ajeng
- B. Dewi Ajeng
- C. Putri Kirana

D. Candra Kirana

6. Semaken teks wacan ing ngisor iki!

Dina setu sore Bayu lan Rudi padha semayan arep dolanan gangsingan. Udakara jam setengah papat, Bayu lan Rudi wis budhal menyang daleme Eyang Dharma. Ing latar daleme Eyang Dharma, yen sore lan ora udan akeh bocah padha dolanan. Bayu lan Rudi mara mrono arep dolanan gangsingan.

Kang dadi latar panggonan paragraf ing dhuwur yaiku....

- A. dina setu sore
- B. daleme Eyang Dharma
- C. dolanan gangsingan
- D. Bayu lan Rudi

7. Wacanen pawarta ing ngisor iki!

Pamarentah desa Pajang, Kecamatan Kedungadem, Kabupaten Bojonegoro, Jawa Timur, lan warga padha gotong royong mbangun kreteg dharurat penghubung Desa Tlawah lan Desa Tempuran sing ambrol amarga banjir Minggu wingi (1/11/2020). Pembangunan kreteg darurat iki supaya panguripane warga lancar lan ora kagangu ambrole kreteg kasebut.

Kades Heri ngendika, “Kreteg darurat iki minangka akses sawetara, amarga jembatan utama ing Desa Tlawah isih proses pembangunan”.

Sumber: *SuaraBanyuurip.com*

Adhedhasar wacan ing dhuwur, sebabe kreteg utama ambrol yaiku....

- A. amarga udan deres
- B. amarga wis gapuk
- C. amarga banjir
- D. amarga longsor

8. Mas Doni lagi mandheg ing lampu bangjo.

Tuladha ing nduwur kalebu tembung....

- A. camboran wudhar
- B. camboran tunggal
- C. camboran tugel
- D. camboran wutuh

9. *Bener luput lelorone aweh pemut*

Aja padha lena

Den prayoga ngati-ati

Ing kalane kita mesthi tanggung jawab

Paugeran tembang ing dhuwur yaiku ...

- A. 12u, 8i, 8u, 8i
- B. 12u, 6a, 8i, 12a
- C. 12i, 6a, 8i, 8a, 9i
- D. 12a, 7i, 6a, 7a

10. Piranti wayang wis dicepakake. Para niaga lan sindhen wis padha lungguh ing panggonane dhewe-dhewe. Wong-wong ora sabar pengin enggal ndeleng lakon wayang “Jimat Kalimasada”.

Sindhen yaiku

- A. wong sing nabuh gamelan
- B. wong sing nglakokake wayang
- C. wong sing nglagokake gendhing-gendhing ing pagelaran wayang
- D. wong sing ngrewangi dhalang nyiapake lan nata wayang

11. Gatekna wacan ing ngisor iki!

Ing dhaerah Jakarta asring kena banjir. Saben mangsa rendheng Jakarta mesthi kena banjir. Bab iki jalaran para warga seneng mbuwang sampah ing Kali Ciliwung. Akibate yen udan Kali Ciliwung ora bisa nampung banyu lan mbludak. Kanggo nyegah banjir, para masarakat kudu sadhar yen tumindak mbuwang sampah sembarangan iku ora becik.

Wacan kasebut kagolong teks informasi. Amarga nduweni titikan utawa ciri-ciri teks informasi, kajaba ...

- A. faktual
 - B. wigati
 - C. cekak aos
 - D. imajinasi
12. Wacan kang isine informasi sawijine prastawa nyata sing disebarake ing khalayak umum liwat macem-macem media kayata media elektronik lan media cetak diarani teks....
- A. dheskripsi
 - B. narasi
 - C. pawarta
 - D. persuasi

Teks ing ngisor iki minangka kanggo njawab soal no 13-14!

Macapat asale saka tembung maca lan pat (saka tembang papat). Kang dimaksud papat, yaiku macane saben patang wanda (suku kata). Tembang macapat diripta dening Walisongo kang cacahé ana sewelas (11), yaiku maskumambang, mijil, sinom, kinanthi, asmaradana, gambuh, dhandhanggula, durma, pangkur, megatruh, lan pocung.

Saben tembang macapat iku nduweni wewaton panulisan lan cara nembangake kang seje amarga kaiket dening wewaton tartamtu. Wewaton utawa paugeran tembang macapat ana telu, yaiku guru gatra, guru lagu, lan guru wilangan.

13. Saben tembang macapat keiket wewaton. Tegese wewaton yaiku
- A. gatra
 - B. watak
 - C. paugeran
 - D. pancikan
14. Ing tembang macapat iku ana guru lagu, guru gatra, guru wilangan. Cacahé wanda saben gatra, diarani
- A. guru gatra
 - B. sasmita
 - C. guru lagu
 - D. guru wilangan
15. Kancaku bapake sugih banget. Saumpama dibiyantu padha karo nguyahi
- A. jangan

- B. segara
C. kali
D. gawan
16. Mikul dhuwur, mendhem jero.
Ukara ing dhuwur tegese
A. bisa njunjung drajate wong tuwa
B. dituturi bola-bali meksa ora digugu
C. ngoyak barang sepele, kelangan barang sing aji
D. tumindak ala, kanthi kongkonan wong liya
17. Cangkriman iku tegese ... kang kudu dibatang.
Ceceg-ceceg kasebut sing bener yaiku
A. unen-unen
B. kewan
C. pralambang
D. gambar
18. Gajah nguntal sangkrah, batangane luweng pawonan.
Yen pitik walik saba kebon, batangane
A. sulak
B. nangka
C. nanas
D. sapu
19. Gatekna teks pidhato ing ngisor iki!
Ing dinten Jumah punika, wonten kegiatan bazar wirausaha. Tujuwan kegiatan punika kangge ngenalaken lan paring kawruh. Kanthi kegiatan punika, para siswa saged kenal lan mangertosi maneka warna jenis usaha.
Isi pidhato ing dhuwur yaiku ...
A. paring kawruh dhumateng para siswa babagan wirausaha
B. maneka warna jinis usaha
C. tujuwan kegiatan
D. dinten jemuwah wonten bazar wirausaha
20. Wacanen pratelan teks pidhato ing ngisor iki!
Wasana cekap semanten atur kula, menawi kathah kalepatan atur saha solah bawa ingkang kirang mranani penggalih, kula nyuwun pangapunten.
Pratelan teks ing dhuwur kalebu perangan
A. purwaka
B. pambuka
C. isi
D. panutup

II. Jawablah pertanyaan di bawah ini dengan memilih dua huruf A, B, C, dan D sebagai jawaban yang benar!

21. Gatekna tuladha ing ngisor iki!

- 1) Ayamipun Bu Maya pejah selangkung.
 - 2) Bapak tindak menyang kantor numpak montor.
 - 3) Ibu lagi tindak menyang peken tumbas beras.
 - 4) Budhe Yayuk nembe mundhut gendhis dhateng warung.
- Ukara basa krama inggil ing dhuwur, sing bener yaiku nomer

(Pilih 2 jawaban sing bener!)

- A. 1)
- B. 2)
- C. 3)
- D. 4)

22. Semaken tabel iki!

No.	Miturut isine	Tembang dolanan
1.	Ngemot bab kulawarga	Oh Adhiku
2.	Ngemot bab tetanduran	Dhondhong Apa Salak
3.	Ngemot bab dolanan	Wajibé Dadi murid
4.	Ngemot bab pitutur	Prau layar

Isi lan tembang sing cocok yaiku

(Pilih 2 jawaban sing bener!)

- A. 1
- B. 2
- C. 3
- D. 4

23. Miturut gambar ing ngisor iki, kang kalebu dolanan tradisional yaiku

(Pilih 2 jawaban sing bener!)



1)



2)



3)



4)

- A. 4)
- B. 3)
- C. 2)
- D. 1)

24. Wacanen tuladha ing ngisor iki!

- 1) Werkudara pawakane gagah prakosa.
- 2) Gedhe cilik, lanang wadon kabeh padha nonton bal-balan ing lapangan desa.
- 3) Ngati-ati yen numpak montor, ojo nrabas lampu bangjo.

4) Para warga desa uripe katon guyup rukun.

Tembung saroja ing ukara kasebut ana ing nomer

(Pilih 2 jawaban sing bener!)

A. 1)

B. 2)

C. 3)

D. 4)

25. Semaken tembang ing ngisor iki!

Mingkar mingkuring angkara

Akarana karenan mardisiwi

Sinawung resmining kidhung

Sinuba sinukarta

Adhedhasar tembang kasebut, ukara kang guru wilangane 8 yaiku

(Pilih 2 jawaban sing bener!)

A. larik kasiji

B. larik kaloro

C. larik katelu

D. larik kapapat

26. Gatekna tuladha ing ngisor iki!

1) Ana catur mungkur

2) Lakune kaya macan luwe

3) Ajining diri saka lathi

4) Drijine mucuk eri

Kang kalebu tembung panyandra yaiku

(Pilih 2 jawaban sing bener!)

A. 1)

B. 2)

C. 3)

D. 4)

27. Gatekna tabel ciri-ciri teks persuasi iki!

No.	Ciri-ciri teks persuasi
1.	Ngyakinake pamaca
2.	Gawe pamaca supaya katut nglakoni apa sing dikarepake dening penulis
3.	Isine pawarta sing lagi dadi bahan omongan masyarakat
4.	Ngutamakake susunan kronologis

Ciri-ciri teks persuasi miturut tabel kasebut sing trep ana ing nomer

(Pilih 2 jawaban sing bener!)

A. 1

B. 2

C. 3

D. 4

28. Semaken tembang ing ngisor iki!

Sekar Pangkur

- 1) Prayoga kawruhana = 7a
- 2) Adat waton, puniku dipun kadulu = 10u
- 3) Miwah ingkang tata krama = 8a
- 4) Den kaesthi siyang ratri = 8u

Guru lagu lan guru wilangan Sekar Pangkur kasebut kang bener yaiku nomer

(Pilih 2 jawaban sing bener!)

- A. 1)
- B. 2)
- C. 3)
- D. 4)

29. Wacanen cangkriman ing ngisor iki!

- 1) Pak boletus, batangane tepak kebo ana lelene satus
- 2) Wah, kretege Jurug ambruk, batangane kreteg ya ora ngadeg
- 3) Lawa lima kalong telu, batangane loro
- 4) Mbok siyah ketiban cowek, dadi gethuk

Cangkriman ing dhuwur sing batangane bener, yaiku

(Pilih 2 jawaban sing bener!)

- A. 1)
- B. 2)
- C. 3)
- D. 4)

30. Semaken tabel bedane pidhato resmi lan pidhato ora resmi ing ngisor iki!

No.	Pidhato resmi	Pidhato ora resmi
1.	Digunakake ing kahanan resmi	Digunakake ing kahanan ora resmi
2.	Naskah dicawisake luwih dhisik	Naskah bisa disimpen kanggo arsip
3.	Migunakake tembung baku	Tembunge ora baku
4.	Wektune sakarepe	Ora oleh diselingi nganggo guyon

Pranyatan ing tabel kasebut kang bener, yaiku

(Pilih 2 jawaban sing bener!)

- A. 1
- B. 2
- C. 3
- D. 4

III. Berilah tanda centang (✓) pada kolom B jika pernyataan BENAR dan kolom S jika pernyataan SALAH!

No.	Pranyatan	B	S
31.	Nalika maca geguritan, salah siji sing kudu digatekake yaiku wirasa kang tegese ngrasakake pangrasa sajrone geguritan (susah, semangat, nelangsa).		
32.	Tembung “ombe” linggane yaiku ngombe.		
33.	Gatekna gambar iki!  Akeh wong seneng ngalami banjir, amarga oleh bantuan saka pamarentah lan bocah-bocah iso nglangi.		
34.	Wayang iki asmane Anoman. 		
35.	Sandhangan swara iki arane pepet  .		
36.	“Rukun agawe santosa, crah agawe bungah”		
37.	Ukara ing larik tembang kinanthi “ wadon ayu kuru aking” tegese wong wadon ayu awake kuru banget.		
38.	Unen-unen “Palang mangan taduran” kalebu paribasan.		
39.	“Wong adol tempe ditaleni” kalebu cangkriman blenderan/plesetan		
40.	Nalika pidhato resmi, lumrahe wong kang pidhato maca naskah kang wis dicawisake luwih dhisik supaya ora salah anggone pidhato.		